

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Kacamatan Banjar salah sahiji kacamatan anu aya di Kota Banjar anu miboga kasang tukang sajarahna nu dirojong ku alam jeung pangeusina. Kacamatan Banjar miboga tujuh désa nu ngawengku 34 kampung. Déskripsi asal-muasal ngaran kampung anu kapanggih aya 26 kampung, tina 34 kampung. Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal, nya éta tina hasil panalungtikan ngeunaan asal-muasal ngaran tempat, ngabuktikeun yén cara masarakat méré ngaran tempat lolobana kapangaruhan ku aspék fisik.

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi dina bab IV, asal-muasal ngaran tempat nu aya di Kacamatan Banjar Kota Banjar umumna bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Pola méré ngaran tempat di Kacamatan Banjar Kota Banjar umumna dicokot tina carita rayat anu aya di masarakat. Sacara umum, tina hiji carita rayat ngaruntuykeun sababaraha ngaran tempat.
- 2) Ngaran tempat anu geus ditalungtik, dikelompokkeun jadi dua aspék, nya éta aspék fisik jeung aspék non fisik. Kampung anu kapangaruhan ku aspék fisik aya 16 (61%) kampung, jeung ngaran kampung anu kapangaruhan ku aspék non fisik aya 10 (39%), anu kabagi jadi dua aspék, nya éta aspék sosial aya 8 (31%) kampung, jeung kampung anu kapangaruhan ku aspék kultural aya 2 (8%) kampung. Di Kacamatan Banjar Kota Banjar ngaran unggal kampung lolobana kapangaruhan ku aspék fisik.
- 3) Ieu hasil panalungtikan téh satuluyna bisa dilarapkeun jadi alternatif bahan pangajaran maca déskripsi di kelas IX SMP.

#### 5.2 Implikasi

Dina ieu panalungtikan, implikasi ngeunaan asal-muasal ngaran tempat di Kacamatan Banjar Kota Banjar dipaké pikeun alterntif bahan pangajaran maca déskripsi di kelas IX SMP. Salian dijadikeun alternatif bahan ajar maca déskripsi, ieu hasil panalungtikan ogé dipiharep bisa méré informasi jeung pangaweruh

hususna pikeun masarakat Kacamatan Banjar Kota Banjar, umumna pikeun sakabéh pihak saperti masarakat luareun daérah Kacamatan Banjar Kota Banjar jeung lembaga-lembaga formal atawa non formal.

### 5.3 Rekomendasi

Saréngséna ieu panalungtikan, aya sawatara rékomendasi, di antarana:

- 1) pikeun panalungtik satuluyna, dina ieu panalungtikan nu medar ngeunaan déskripsi asal-muasal ngaran patempatan (kampung) di Kacamatan Banjar Kota Banjar, dipiharep aya panalungtikan nu leuwih jembar ngeunaan déskripsi toponimi di Kota Banjar.
- 2) pikeun pamaréntah di Kota Banjar, dipiharep bisa ngajaga ciri has anu patali jeung sajarah ngajanggélékna asal-muasal ngaran daérahna séwang-séwangan.
- 3) pikeun intansi pamaréntah, dipiharep miboga data-data administrasi nu lengkep ngeunaan ruang lingkup daérahna séwang-séwangan.
- 4) pikeun masarakat umum, utamana para sesepuh, dipiharep nurunkeun deui carita ngaran kampungna, sangkan generasi satuluyna henteu pareumeun obor jeung kahareupna moal aya deui anu leungiteun tapak dina nanyakeun atawa nalungtik ngaran-ngaran tempat.